

Enstriksyon pou Sèvis pou Renouvle Modpas Poukont ou (Self-Service Password Reset Instructions (SSPR))

Chak fwa ou renouvle modpas ou, yo pral mande w pou verifye ki moun ou ye pou revouvèlman modpas la ka fèt ansekirite. Pou etabli idantite w pou renouvle modpas, sa mande pou w enskri pou SSPR.

1. Ale nan Modpas Manadjè Sysco a nan <https://passwordreset.sysco.com>.
2. Chwazi opsyon *Registration (Enskripsyon)* an.
3. Yo **gendwa** mande w pou swiv kèk lòt etap anplis:
 - Si yo mande w pou antre imèl ou a, antre ID Rezo Sysco ou ak @sysco.com ajoute ladan li. Ou pa kapab antre ID Rezo Sysco ou oswa antre yon lòt adrès imèl ki diferan. Pa egzanp, si ID Rezo Sysco ou a se Batman123, antre Batman123@sysco.com.
 - Si yo mande w pou ID itilizatè ou an, antre ID Rezo Sysco ou *san* @Sysco a.
 - Si yo mande w pou antre modpas ou, antre modpas ou te deja kreye.Si yo **pa** mande w pou w ale nan etap adisyonèl sa yo, y ap mennen w dirèkteman nan #4.
4. Yo pral mennen w nan yon paj ki di *Security Info (Enfòmasyon sou Sekirite)*. Klike sou *+Add Method (+Ajoute Metòd)*.
5. Apati chwa tonbe-desann nan, chwazi metòd ou vle itilize lè ou bezwen renouvle modpas ou.
 - **Preferans:** Sèvi ak metòd telefòn lan paske li pi fasil. Y ap voye yon kòd sou smatfòn ou, epi w ap antre kòd sa a pou renouvle modpas ou.
 - Si w chwazi opsyon "kesyon sekirite", w ap oblije swiv etap adisyonèl epi w ap bezwen enskri pou SSPR lè w sèvi ak yon kyòs nan lokal ou a.
6. Swiv enstwiksyon yo pou etabli metòd ou.

Si w bezwen asistans, eskane kòd QR la, ale nan **SyscoBenefits.com/SSPR** oswa rele Biwo Sèvis Sysco a nan **866-981-1190**.

